

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah meunangkeun data pikeun tujuan atawa mangpaat nu tangtu (Sugiono, 2010, kc. 2). Métode nu dipaké nya éta métode déskriptif kualitatif. Métode panalungtikan kualitatif nyaéta métode panalungtikan nu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan objék alamiah. Hasil panalungtikanana leuwih nekenkeun maksud tibatan generalisasi. Ieu métode loba digunakeun pikeun panalungtikan bidang antropologi budaya (Sugiono, 2010, kc. 8).

Métode déskriptif kualitatif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun gambaran umum tempat panalungtikan, asal-muasal Kasenian Ulin Barong, prak-prakan Kasenian Ulin Barong, ajén éstétis nu aya dina kasenian Ulin Barong, sarta matalikeun ajén éstétis nu aya dina Kasenian Ulin Barong di Kalurahan Sékéloa Kacamatan Coblóng Kota Bandung pikeun pangajaran maca di SMA kelas XII.

3.1 Désain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa prosés panalungtikan nu mangrupa talaah pustaka, obsérvasi, ngumpulkeun data, ngolah data jeung nyieun laporan panalungtikan.

Bagan 3.1
Désain Panalungtikan



3.2 Partisipan jeung Tempat Panalungtikan

3.2.1 Partisipan

Partisipan nya éta jalma jeung objék nu dijadikeun narasumber dina ngumpulkeun data panalungtikan. Nu bisa jadi partisipan dina hiji panalungtikan nya éta unsur masarakat nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Partisipan bisa disebut ogé sumber data.

Partisipan nu dijadikeun narasumber dina wawancara nya éta pupuhu Kasenian Ulin Barong Lingkungan Seni Sekar Saluyu, pamaén Kasenian Ulin Barong, jeung masarakat Kalurahan Sékéloa Kacamatan Coblong Kota Bandung. Palaku dijadikeun narasumber sabab dianggap nyaho ngeunaan Kasenian Ulin Barong ti mimiti asal-muasal, prak-prakan, jeung maksud nu aya dina éta kasenian.

Tabél 3.1

Biodata Informan

Biodata Informan	
Wasta	:
Umur	:
Pakasaban	:
Atikan	:
Alamat	:
Kalungguhan	:

3.2.2 Tempat Panalungtikan

Lokasi dina ieu panalungtikan nya éta di RT.01/RW04 Kalurahan Sékéloa Kacamatan Coblong Kota Bandung. Dumasar data ti Kalurahan, Sékéloa dibagi jadi 15 RW sarta 88 RT. Dumasar data kependudukan Kalurahan Sékéloa taun

Ai Karlina, 2015

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN ULIN BARONG
DI KALURAHAN SÉKÉLOA KACAMATAN COBLONG KOTA BANDUNG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2013, jumlah *Kepala Keluarga* nya éta 4.690 KK sedengkeun jumlah pendudukna nya éta 25.699 jiwa, anu komposisina 13.365 lalaki jeung 12.334 awéwé. Ditilik tina jumlah *kepadatan* penduduk nya éta 25.991 jiwa/Ha sarta ditilik tina *pertumbuhan* penduduk, *intensitas* populasina bakal terus nambahan ti taun ka taun.

Kaayaan géografis Kalurahan Sékéloa ditilik tina luhurna nya éta 725 *di atas permukaan air laut*. Suhu rata-rata 26° sélsius anu curah hujan rata-rata per taun nya éta 2433,63 mm/th anu rata-rata hujanna 45 poé. Legana Kalurahan Sékéloa téh 117 Ha, 50% wilayahna diwangun ku dataran anu umpak-umpakan. Sacara administratif wates kalurahan Sékéloa nya éta:

- Beulah Kalér : Kalurahan Dago
- Beulah Kidul : Kalurahan Sadang Sérang
- Beulah Wétan : Kalurahan Lebak Gedé
- Beulah Kulon : Kalurahan Cibeunying Kalér

Pakasaban masarakat di Kalurahan Sékéloa lolobana nya éta pelajar atawa mahasiswa 7.600 jiwa, buruh 2.131 jiwa, pagawé swasta 2.105 jiwa, PNS 1.733 jiwa, wiraswasta 566 jiwa, tukang 174 jiwa, pengrajin 134 jiwa, TNI 76 jiwa, Sopir 56 jiwa, pengusaha 27 jiwa, jeung dokter 8 jiwa. Pendidikan nu dilakonan ku masarakat Kalurahan Sékéloa Kacamatan Coblong nya éta: PAUD, TK, SD, SMP, SMA nepi ka paguron luhur ogé dihontal. Salian ti kitu ogé sarana pendidikan di Kacamatan Coblong ogé kawilang lengkep, saperti ayana 3 TK, 8 SD, 5 SMP, jeung 4SMA. Ieu hal og'e nu ngalantarankeun masarakat di Kalurahan Sékéloa sadar kana pendidikan disagigireun wilayahna nu strategis pikeun diajar ogé wilayahna deukeut jeung pusat pamaréntahan Kota Bandung.

Agama jeung kapercayaan masarakat Kalurahan Sékéloa kawilang komplit sabab loba masarakat pindahan ka Kalurahan Sékéloa nu ngadon diajar, tapi lolobana ngagem agama Islam. Basa nu digunakeun dina hirup kumbuhna sapopoé di Kalurahan Sékéloa Kacamatan Coblong lolobana ngagunakeun basa Sunda, salian ti éta ogé aya nu ngaguakeun basa nasional nya éta basa Indonésia.

Alesan Kalurahan Sékéloa dijadikeun tempat panalungtikan nyaéta:

Ai Karlina, 2015

**AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN ULIN BARONG
DI KALURAHAN SÉKÉLOA KACAMATAN COBLONG KOTA BANDUNG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) ieu tempat mangrupa pusat informasi nu panglengkepna ngeunaan Kasenian Ulin Barong;
- 2) dina ieu tempat, mimiti mekarna Kasenian Ulin Barong nu diluguan ku inohong di Kalurahan Sékéloa;
- 3) kagiatan latihan Kasenian Ulin Barong tempatna di sabudeureun Kalurahan Sékéloa sabab palaku dina ieu kasenian ogé hampir sakabéhna mangrupa warga Kalurahan Sékéloa
- 4) di ieu tempat aya waktu rutin nu sacara husus pikeun minton ieu kasenian.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu pangpentingna dina hiji panalungtikan. Nurutkeun Sugiono (2010, kc. 224), ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber, jeung sababaraha cara. Hal-hal nu kudu diperhatikeun dina téhnik ngumpulkeun data aya tilu bagian nyaéta léngkah tatahar saacan panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung instrumén panalungtikan saperti nu dipedar ieu di handap.

3.3.1 Léngkah Tatahar

Saméméh panalungtikan, aya sababaraha léngkah nu kudu dipilampah sarta disiapkeun sangkan panalungtikan bisa lumangsung sacara lancar. Léngkah-léngkah tatahar dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngajukeun judul panalungtikan;
- 2) nangtukeun masalah jeung objék nu rék ditalungtik;
- 3) ngumpulkeun sumber data panalungtikan ku cara talaah pustaka; jeung
- 4) nyieun proposal panalungtikan.

3.3.2 Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta: studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokumentasi.

- 1) Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka dipilampah ku cara ngumpulkeun data tina sumber-sumber tinulis nu mangrupa buku. Ieu téhnik pikeun ngadeudeulan tiori sarta ngabandingkeun tiori jeung kanyataan di lapangan.

2) Obsérvasi

Nurutkeun Marshall (dina Sugiono, 2010, kc. 226), ngaliwatan obsérvasi, panalungtik diajar ngeunaan paripolah, jeung ma'na tina paripolah éta sorangan. Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun nalungtik kumaha prak-prakana kasenian Ulin Barong, boh sacara langsung boh ngaliwatan media video.

3) Wawancara

Nurutkeun Sugiono (2010, kc. 231), wawancara digunakeun minangka téhnik ngumpulkeun data upamana panalungtik ngalakukeun studi pikeun niténan masalah nu kudu ditalungtik sarta bisa nyaho ngeunaan hal nu ditalungtik ti réspodén sacara leuwih jéntré. Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara tokoh, pamaén, jeung masarakat nu wanoh kana Kasenian Ulin Barong

4) Dokuméntasi

Dokumén nya éta catetan kajadian nu geus karandapan (Sugiono, 2010, kc.240). Téhnik dokuméntasi mangrupa bukti ngalaksanakeun observasi langsung, digunakeun pikeun ngarojong informasi data nu mangrupa gambar, foto, video (audio, visual) nu tujuanana pikeun ngadeudeulan data sangkan diolah jeung dianalisis kalawan jéntré.

3.3.3 Instrumén Panalungtikan

1. Alat Foto

Foto digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar (visual) dina prak-prakan gelarna kasenian Ulin Barong sarta gambar narasumber nu diwawancara. Dina ieu panalungtikan, alat pikeun moto nya éta kaméra *digital* jeung *handphone*.

2. Alat Rekam

Alat rekam digunakeun pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data dina téhnik wawancara jeung informan sarta digunakeun dina waktu kasenian Ulin Barong keur gelar. Dina ieu panalungtikan, alat video nu digunakeun nya éta kaméra *digital*.

3. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara masarakat nu apal kana Kasenian Ulin Barong. Pedoman wawancara nyaéta runtuyan pertanyaan nu ditanyakeun ka informan dina waktu wawancara ngeunaan Kasenian Ulin Barong nu digambarkeun dina tabél di handap.

Tabél 3.2

Daftar Pertanyaan dina Pedoman Wawancara

Rumusan	Pertanyaan-Pertanyaan Wawancara
(1)	(2)
Asal-Muasal	1. Ti iraha ayana Kasenian Ulin Barong téh?
	2. Saha waé nu mimiti mekarkeun Kasenian Ulin Barong?
	3. Naha bet dingaranan Kasenian Ulin Barong?
	4. Naon kasang tukang diadegkeun Kasenian Ulin Barong?
Prak-prakan	5. Persiapan naon waé nu kudu disiapkeun saméméh pagelaran Ulin Barong dipintonkeun?
	6. Lagu naon nu dipaké mirig dina Kasenian Ulin Barong?
	7. Di mana tempat pagelaranana?
	8. Iraha Kasenian Ulin Barong dipagelarkeun?
	9. Sabaraha lila pintonan Ulin Barong dina unggal pagelaranana?
	10. Kumaha tahapan dina prak-prakan Kasenian Ulin Barong?
Pakakas	11. Naon waé waditra nu dipaké pikeun mirig Kasenian Ulin Barong?

	12. Aya katangtuan husus teu, dina milih kostum nu dipaké atawa pamaén Kasenian Ulin Barong téh?
	13. Kumaha parobahan kostum Kasenian Ulin Barong nepi ka ayeuna?
Ajén éstétis	14. Naon udagan diciptakeunna Kasenian Ulin Barong?
	15. Naon mangpaat nu dirasakeun ku masarakat Sékéloa ku ayana Kasenian Ulin Barong?
	16. Masih luyu teu ieu kasenian dipagelarkeun dina jaman kiwari?
Cara ngamumulé	17. Kumaha carana sangkan ieu kasenian teu leungit?
	18. Kumaha harepan pikeun ieu kasenian ka hareupna?
	19. Usaha naon nu geus dilakukeun ku Dinas Pariwisata jeung Kabudayaan Kota Bandung pikeun ngariksa ieu kasenian?

3.4 Analisis Data

Sabada data kakumpul tina hasil ngumpulkeun data, data kudu buru-buru digarap ku nu nalungtik. Dina tahapan analisis data atawa ngolah data mangrupa léngkap katalitian dina ngalaksanakeunana. Nurutkeun Arikunto (dina Rahayu, 2013, kc.31) sacara umum analisis data ngawengku tilu léngkah nya éta: 1) tatahar; 2) tabulasi; jeung 3) dipakéna data luyu jeung pamarekan nu ditalungtik.

3.4.1 Tatahar

Nu kaasup kana kagiatan tatahar, nya éta:

- 1) mariksa ngaran jeung kalengkepan identitas narasumber, hal ieu patali jeung validitas data;
- 2) mariksa kalengkepan data, maksudna mariksa eusi instrumén ngumpulkeun data sangkan nalika aya nu kurang bisa buru-buru ditambahan; jeung
- 3) mariksa rupa-rupa data, maksudna bisi aya data nu teu luyu jeung kahayang panalungtik.

3.4.2 Tabulasi

Ai Karlina, 2015

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN ULIN BARONG
DI KALURAHAN SÉKÉLOA KACAMATAN COBLONG KOTA BANDUNG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabulasi nya éta prosés ngahijikeun data anu kapanggih dina prosés panalungtikan. Satulunya data diolah dumasar gundukanana. Kagiatan dina tabulasi di antarana:

- 1) ngumpulkeun sakabéh data nu kapanggih dina hasil studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung studi dokuméntasi;
- 2) masing-masingkeun data dumasar gundukanana;
- 3) ngarobah data, diluyukeun jeung téhnik analisis nu rék dipaké; jeung
- 4) nyieun pengkodean data ka sakabéh variabel ngarah data leuwih gampang diolah jeung hasilna leuwih alus

3.4.3 Dipakéna Data Luyu jeung Pamarekan Panalungtikan

Data-data nu geus ditabulasi satulunya diolah dumasar kana pamarekan éstétika. Nu dipaluruh nya éta ngeunaan: 1) iraha ayana Kasenian Ulin Barong; prak-prakan mintonkeun Kasenian Ulin Barong; ngadéskripsikeun unsur-unsur seni nu nyampak dina Kasenian Ulin Barong; ajén éstétis nu nyangkaruk dina Kasenian Ulin Barong; sarta luyu henteuna hasil panalungtikan dijadikeun alternatif bahan pangajaran di SMA.

3.5 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Ajén Éstétis Dina Kasenian Ulin Barong Di Kalurahan Sékéloa Kacamatan Coblong Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII”. Dina ieu panalungtikan diperlukeun katerangan anu jéntré sangkan némbongken rupa-rupa tafsiran, ieu katerangan téh patali jeung judul panalungtikan.

1. Ajén Éstétika

Ajén éstétika nya éta cabang élmu filsafat anu museur kana kaéndahan hiji hal. Luyu jeung pamadegan Sumardjo (2000, kc. 33) yén éstétika nya éta filsafat ngeunaan kaéndahan anu aya di alam ogé rupa-rupa barang seni hasil jieunan manusa.

2. Kasenian Ulin Barong

Ai Karlina, 2015

**AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN ULIN BARONG
DI KALURAHAN SÉKÉLOA KACAMATAN COBLONG KOTA BANDUNG
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kasénian Ulin Barong mangrupa kasénian nu dipangaruhan ku budaya Cina sarta dikréasikeun tur dirobah jadi kasénian tradisional Sunda, nepi ka miboga ciri has na sorangan tur béda jeung Kasénian Barongsay Cina.

3. Bahan Pangajaran Maca

Bahan pangajaran mangrupa eusi anu ditepikeun guru ka peserta didik dina prosés diajar. Pangajaran maca mangrupa kamampuh pamahan anu diajarkeun sacara saimbang. Saimbang dina harti pangajaran maca ditepikeun sacara saimbang dibarengan ku kaparigelan basa séjénna.